

**TRADHISI NGALAP BERKAH ING PASAREYAN MBAH TRUNOJOYO DESA
SENDANGHARJO, KECAMATAN NGASEM, KABUPATEN BOJONEGORO
(TINTINGAN FOKLOR)**

E-JURNAL



**Dening:
ALLIA CANDRA SANTIKA
16020114024**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAS LAN SENI
JURUSAN PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA DHAERAH**

2020

**TRADHISI NGALAP BERKAH ING PASAREYAN MBAH TRUNOJOYO DESA SENDANGHARJO,
KECAMATAN NGASEM, KABUPATEN BOJONEGORO**

Allia Candra Santika

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
aliasantika16020114024@mhs.unesa.ac.id

Yohan Susilo S.Pd., M.Pd.

Dosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Salah sawijine kabudayan Jawa yaiku tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Panliti milih kasebut amarga tradisi ngalap berkah lumaku ing desa kang kagolong mencil ing Bojonegoro. Pangarep panliti ngenalake marang masyarakat Jawa liyane lan ngangkat ekonomi warga. Saliyane iku paedah akademis kanggo nambahi wawasan lan bisa nambahi referensi kanggo panliten saemper kang ana ing dhaerah liya. Metodhe panliten sing digunakake dheskriptif kualitatif kanthi objek tradisi ngalap berkah kang manggon ing Desa Sendangharjo, Ngasem, Bojonegoro.

Asil saka panliten iki yaiku tradisi ngalap berkah isih dilaksanakake nalika rame dina Jumat Paing. Tradisi ngalap berkah iki tuwu amarga wujud kapitayane masyarakat tumrap kaluwihan sing diduwensi dening Mbah Trunojoyo. Tata laku tradisi iki kanthi runtut lan migunakake ubarampe kembang setaman, menyan, lan berkat. Simbol lan makna yaiku ana ing saperangan tata laku. Fungsi sajrone tradisi yaiku sistem proyeksi, pengesah budaya, sarana pendidikan lan piranti pengendali sosial, fungsi ekonomi, fungsi sodaqoh, lan fungsi nguri-nguri kabudayan. Owah-owahan tradisi ngalap berkah piranti ubarampe, berkatan, tata cara ndonga.

Tembung Wigati : Tradisi, Ngalap Berkah, Foklor.

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Kabudayan jawa salah sawijine jinis saka kabudayan kang manka warna ing Indonesia. Kabudayan Jawa iki asil saka pamikire manungsa Jawa kang dilakokake lan dipertahanake dening masyarakat Jawa supaya dadi idhentitas dhaerah. Kabudayan Jawa iku kondhang ora mung amarga unik lan endah, nanging kabudayan Jawa uga nduweni nilai filosofi kang kinandhut ana ing njero kabudayan kasebut. Nilai filosofi kasebut bisa tuwu saka pamikire manungsa Jawa nalika nglaksanani bebrayan ana ing saben dinane. Masyarakat Jawa nalika nglaksanani urip bebrayan mesthi nengenake filosofi kang budhi luhur, budhi pekerti, lan etika amarga saka telu iku ana gegayutane.

Kabudayan Jawa iki jinise ana maneka warna, jines kasebut kayata omah adhat, tradisi, lagu-lagu dhaerah, lan sapanunggalane. Salah sawijine saka kabudayan Jawa yaiku tradisi. Miturut Poerwodarminto sajrone Suwarni lan Widayati (2015:61) tradisi jawa iku perangan saka kabudayan. Tradisi minangka sakabehane adat, kapitayan lan liya-liyane kang diwarisake kanthi craa turun temurun sajrone masyarakat Jawa. Tradisi iku minangka kesadharan kolektif kang amba, sing isine ngenani aspek

bebrayan masyarakat sing ora gampang dimusnahake (Rendra sajrone Suwarni lan Widayati, 2015:61).

Tradisi kang isih diuri-uri dening masyarakat Jawa iki kalebu sajrone Foklor., Foklor dhewe Miturut Danandjaja (2007:2) iku separe kabudayan sing *kolektif*, sing kasebar lan diwarisne kanthi cara turun temurun. Cara sing digunakake kanggo nyebar iku mau biasane kanthi cara gethuk tular kanthi cara lisan lan tulisan. Menwa kanthi cara lisan yaiku sinambungan karo gerak isyarat, utawa migunakake alat pambiyantu. Foklor iku uga diperang dadi telu, yaiku foklor lisan, folklor setengah lisan lan foklor ora lisan. Tuladha saka foklor lisan arupa mantra, legendha, lan dongeng. Banjur foklor setengah lisan tuladhané yaiku tradhis, kethoprak, upacara adhat, lan sapiturute. Sing pungsakan yaiku foklor ora lisan kayata sandhangan, tembang, lan sapanunggalane. Miturut Endraswara (2010:3) foklor iku bahan sing diwarisake kanthi cara turun temurun kanthi cara lisan.

Salah sawijine tradisi kang kelebu ana ing foklor setengah lisan yaiku tradisi kang ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Panliten iki milih tintingan migunakake foklor amarga saka pasareyan Mbah Trunojoyo iki ana salah sawijine tradisi yaiku tradisi ngalap berkah kang narik kawigaten menawa diteliti. Masyarakat biasane teka ana ing pasareyan Mbah

Trunojoyo iki kanggo golek berkah supaya apa sing dikarepane bisa kawujud. Amarga warga Desa percaya menawa Mbah Trunojoyo iku minangka sesepuh Desa kang nduweni kadigdayan luwih ing jaman biyene. Kadigdayan luwih kasebut dipercaya dening masyarakat Desa menawa Mbah Trunojoyo iki dipercaya ora seda, ananging lagi tapa ing njero luwangan kang saiki dadi pasareyan iku. Amarga kapercayan iku masyarakat uga kadang kala nduwe nadzar kang diucapake ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo, menawa apa sing dadi nadzar kuwi bisa kalaksanan banjur nggawa panganan ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Tata laku kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo iki ora ruwet lan bisa diarani gampang. Senadyan tata laku lan ubarampe iku kagolong gampang lan sithik nanging kabeh iku nduweni simbol lan makna sing kinandhut menawa dionceki. Ubarampe sing digawa uga mung sithik yaiku dupa lan kembang irisan. Banjur saka anane tradisi iki akeh menehi paedah utawa fungsi tumrap masyarakat Jawa, mligine masyarakat Desa Sendangharjo kayata bisa ningkatake nilai ekonomi lan sapanunggalane. Dadi akeh masyarakat kang nglakoni tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo

1.2 Underan Panliten

Saka andharan lelandhesan panliten ing ndhuwur ,mula bisa dijupuk undheran panliten kang kaperang ing ngisor iki:

- (1) Kepiye mula bukane tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro?
- (2) Kepiye tata laku tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem Kabupaten Bojonegoro?
- (3) Apa wae ubarampe kang dibutuhake sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro?
- (4) Kepiye simbol lan makna sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro?
- (5) Kepiye fungsi kang kinandhut sajrone tradisi ngalap berkah ing Pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro?
- (6) Kepiye owah-owahan saka tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro?

amarga ora ruwet lan gampang anggone nglaksanani. Tradisi kang ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo iku isih diuri-uri dening masyarakat Jawa, mligine masyarakat Desa Sendangharjo. Tradisi iki isih diuri-uri amarga wis dilaksanakake kanthi turun temurun lan dipercaya menahi paedah kang becik tumrab warga Sendangharjo.

Adhedhasar andharan kasebut panliten kepingen mangerten tradisi kang ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo kanthi luwih jero. Supaya bisa mangerten kepiye . Menawa ing tradisi ngalap berkah iki owah-owahan kang ana yaiku manggon ing wadah sing digawe kanggo panganan sing digawe. Menawa jaman biyen wadah sing digawe yaiku migunakake tenggok, nanging menawa saiki migunakake bak. tanggepan saka masyarakat jawa mligine masyarakat Desa Sendangharjo ngenani tradisi kasebut. Menawa wis mangerten paedah saka tradisi, bisa luwih dilestarikake amarga akeh fungsi kang kinandut saka tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo iki menawa bisa dionceki lan bisa luwih kondhang tradisine ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendanghajo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.

1.3 Ancas Panliten

Saka undheran panliten kasebut bisa dijupuk tujuwan panliten yaiku:

- (1) Njlentrehake kepiye mula bukane tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (2) Njlentrehake tata laku tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem Kabupaten Bojonegoro.
- (3) Nyebutake ubarampe kang dibutuhake sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (4) Njlentrehake simbol lan makna sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (5) Mangerten fungsi kang kinandhut sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (6) Njlentrehake owah-owahan saka tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.

1.4 Paedah Panliten

Saka panliten iki bisa diajab menehi paedah kanggo pamaca kayata:

- (1) Nambahi kawruh lan wawasan mligine bab tradhisi Jawa ngalap berkah ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (2) Luwih nglestarikake budaya Jawa mligine babagan tradhisi ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.
- (3) Uga menehi paedah marang sapa wae kang maca ngenani tradhisi ngalap berkah Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.

1.5 Wewatesane Panliten

Wewatesan panliten iki digunakake supaya panliten Tradhisi Ngalap Berkah ora amba pembahasane lan ora mlenceng saka konsep sing wis kasusun. Wewaesan panliten iki mung ngrembug babagan mula buka tradhisi ngalap bekah ing Desa Sendangharjo, tata laku tradhisi ngalap berkah lan ubarampe kang digunakake sajrone tradhisi ngalap berkah. Kabeh iki diteliti kanthi teori lan tintingan sing wis dipilih dening panliti.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Sadurunge ngrembug babagan ngenani tradhisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro. Bakal ngandharake panliten kang saemper karo panliten iki. Panliten saemper iki antarane:

- 1) Dewi Intan Nur Qomariyah (2019) *Tradisi ing Pasareyan Mbah Boyopati Medang Kecamatan Glagah Kabupaten Lamongan (Tintingan Folklor)*. Panliten iki ngrembug anane tradhisi ing pasareyan MbahBoyo patih. Tradhisi ing kono yaiku tradhisi nyekar, Tradhisi Haul, lan tradhisi nyekar utawa nadzar. Mbah Boyopati minangka pawongan kang dikurmati dening masyarakat Kecamatan Glagah.
- 2) Meri Crista (2017) *Mitos lan Tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung Semandhang Kabupaten Tuban (Tintingan Folklor)*. Asil saka panliten iki ngrembug babagan pakurmatan marang Sunan Bejagung lan wiwitane tradhisi uga neruske kebiasaan lan pitutur kang becik. Banjur kapitayan saka panliten iki yaiku kapitayan marang banyu sumur gemuling, ora oleh dudu sega ing sakiwa tengene pasareyan, pesugihan, lan nalika Kemis Pon malem Jemuwah Wage percaya menawa bangunan tinggalane Sunan Bejagung nduweni makna jaran saka Sunan Bejagung.

- 3) Ryan Rizki Mediansyah (2019) *Tradisi ing Pasareyan Sawunggaling Lidah Wetan Lakarsantri Surabaya (Tintingan Folklor)*. Panliten iki ngrembug tradhisi-tradhisi kang dilakokake ana ing pasareyan Sawunggaling. Sajrone panliten iki Sawunggaling yaiku pawongan kang dikurmati dening masyarakat sakiwa tengene amarga mbiyen dipercaya wis mbiyantu anane Kelurahan Lidah Wetan iki.
- 4) Monika Indah Era Pertiwi (2016) *Tradisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Pajimatan, Desa Girirejo, Kecamatan Imogiri, Kabupaten Bantul*. Panliten iki ngrembug ngenani tradhisi ziarah nyandran ing pasareyan dalem Para Nata Pajimatan saka mula buka, tata cara ziarah kang ngandut makna simbolik saka busana nalika nyekar, ubarampe kanggo cecawis nyekar, lan nalika nglaksanani diwiwiti nyekar saka raja kang paling wiwit mimpin nganti raja kang paling pungkasan mimpin. Ancas saka tradhisi iki supaya nguatake kapribaden pandherek kang setya lan mulia kake para leluhur kang mbangun peradaban.

Saka panliten saemper kasebut padha karo panliten sing arep katindakake. Panliten kasebut saemper kanggo nglestarikake budaya Jawa, mligine Foklor Jawa kanggo nambahi pamawas sajrone urip bebrayan. Babagan sing dadi pambeda saka panliten saemper kasebut yaiku papan panggonan sing dadi objek panliten. Saliyane objek sing dadi pambeda yaiku konsep panliten kang beda dadekake asil saka panliten sing arep ditindakake iki.

Kanggo ngrembug masalah sing arep diteliti bakal migunakake kang mathuk kanggo ngoncek i apa sing bakal dirembuk. Tintingan kang arep digunakake yaiku folklore amarga tradhisi iki kalebu foklor setengah lisan. Panliten iki migunakake metodhe *Dheskriptif Kualitatif*. Metodhe kang ngasilake dhata lumantar tetembung ana rupa tulisan lan lisan. Paedah saka panliten iki yaiku supaya bisa ngangkat anane kabudayan kang kasimpun mligine babagan tradhisi ing Desa Sendangharjo, amarga tradhisi kasebut isih akeh sing durung mangerten. Saliyane iku paedah saka panliten iki supaya bisa nguri-uri anane kabudayan Jawa supaya ora sirna. Cara kanggo nglumpukake dhata migunakake cara wawancara, observasi, dhokumentasi lan triangkulasi. Banjur analisis sing digunakake yaiku interpretasi saka saben dhata sing diolehake. Sumber dhata saka panliten iki yaiku para informan saka masyarakat Desa Sendangharjo kang pinilih dadi juru kunci ing pasareyan Mbah Trunojoyo lan pamong saka Desa Sendangharjo. Dhata sing bakal diolehake saka panliten iki awujud crita kang diolehake saka informan.

Panliten iki migunakake irah-irahan “Tradisi Ngalap Berkah ing Pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.”

Amarga durung tau diteliti lan supaya mangerten iku wujud tradisi ngalap berkah kang ana ing Pasareyan Mbah Trunojoyo. Liyane iku uga supaya bisa ngrembakake budaya jawa mligine ana babagan folklore..

2.2 Konsep Kabudayan Jawa

Kabudayan iku saka Basa Sansekerta *buddayah* wujud dobel saka budhi tegese budhi utawa akal. Dadi kabudayan iku bisa diwenehi teges babagan kang ana sambung rakete marang budi lan akal. (Koentjaraningrat, (2000:9). Kabudayan iku asil saka budi utawa akal sing diduwensi manungsa supaya nggayuh apa sing dadi kasempurnaane urip. Kabudayan bisa uga ditegesi saperangkat aturan utawa norma kang diduwensi sakelompok pawongan lan dilaksanakake kanthi bareng-bareng. Tuwuhe aturan saka kabudayan iku bisa saka tata laku kang ditindakake dening masyarakat banjur diolehan dening masyarakat supaya ana pambeda antarane kewan lan manungsa.

2.3 Konsep Masyarakat Jawa

Masyarakat minangka sakelompoke masyarakat kang nglakoni urip sajrone bebrayan. Masyarakat nduweni cara lan sarana kang digunakake kanggo urip bebrayan kasebut (Koentjaraningrat sajrone Suwarni lan Widayati, 2015:1). Menawa sing diarani masyarakat Jawa yaiku sakelompoke masyarakat Jawa kang nglakoni urip ing bebrayan. Miturut Suwarni lan Widayati (2015:1) masyarakat Jawa salah sawijine suku kang paling akeh panyengkuyunge. Menawa dideleng saka urutane masyarakat Jawa mlebu ana ing urutan nomer nem. Masayarakat Jawa kang kalebu suku kang akeh panyengkuyunge kasebut nduweni kabudayan kang *heterogen*, saka maneka warna budaya Jawa kasebut dumadi saka kabudayan Jawa Tengah nganti Jawa Wetan. Maneka warna kabudayan kasebut bisa arupa logat, unsur-unsur panganan, upacara-upacara adat, kesenian rakyat, seni swara, busana, lan sapanunggalane.

2.4. Konsep Tradisi

Tradisi kanthi etimologi asale saka bangsa Latin yaiku *traditio* kang tegese yaiku diterusake. Miturut Poerwodarminto sajrone Suwarni lan Widayati (2015:61) tradisi minangka bageyan saka kabudayan. Tradisi minangka sakabehane adat, kapitayan, lan sapanunggalane sing diwarisake kanthi cara turun-temurun. Tradisi

minangka pakulinan sing kanthi turun-tinurun dilaksanani dening masyarakat Jawa. Kapitayan ngenani tradisi iku sing nggawe tradisi iku isih diugemi lan diuri-uri nganti saiki. Tradisi kasebut minangka kesadharan kang kolektif sing lingkupe amba lan bisa ngrangkul saka maneka warna aspek ing bebrayan sing angel menawa dimusnahake (Rendra sajrone Suwarni lan Widayati (2015:61). Tradisi iku bisa ngrembaka lan owah jalanan saka masyarakat dhewe, amarga akeh tradisi kang beda saka tradisi jaman biyen karo jaman saiki. Owah kasebut bisa dumadi jalaran alesan tertamtu masyarakat sing dadekake tradisi iku beda. Senadyan tradisi iku ana owah-owahane nanging masyarakat mesthi ora bakal ngilangi apa sing dadi inti utawa punjer saka tradisi, amarga menawa ngowahi sing dadi punjer wedine bisa ngowahi ancas saka tradisi kasebut.

2.5. Konsep Folklor

Kanthi etimologi tembung folklore saka basa Inggris yaiku *folklore*. Tembung iku kedadeyan saka tembung *folk* lan *lore*. Miturut Alan Dundes sajrone Danandjaja, (2007:1-2) *Folk* yaiku sakelompok pawongan kang nduweni titikan ngenani fisik, sosial lan kabudayan. Banjur menawa *lore* yaiku tradisi *folk* yaiku saperangan saka kabudayan sing diwarisake kanthi cara turun-temurun kanthi cara lisan utawa lumantar tumindak isyarat lan migunakake alat pambiyantu kanggo pangeling-eling. Dadi bisa dijupuk dudutan menawa folklore iku saperangan saka kabudayan kanthi cara kolektif kasebar lan kanthi cara turun temurun kanthi cara lisan utawa nganggo alat pambiyantu. Miturut Endraswara (2010:3) foklor iku bahan sing diwarisake lumantar tetembungan saka lambe marang lambe uga saka adat istiadat. Kanthi tembung liya folklore iku wujud saka budaya kang diwarisake kanthi cara turun temurun kanthi lisan.

2.6 Konsep Simbol lan Makna

Miturut Maran (2000:43) simbol yaiku samubarang kang isa nuduhake utawa menehi teges. Simbol iki biasane nduweni makna kang ora padha karo saben dinane. Simbol lan makna iku konsep sing ora bisa dipisahake sajrone konsep kabudayan, amarga sejati makna iku pesen sing kinandhut sajrone simbol. Teges kasebut diandharake dening Danesi (2012:13) menawa semiotika yaiku luwih nengenake makna pesen lan cara pesen kang kinandhut lumantar tandha-tandha. Ahli semiotika yaiku Roland Barthes sajrone Danesi (2012:13) ngandharake menawa nggamarake kekuwatan migunakake semiotika kanggo ngonceki struktur makna kang jero sajrone kagiyatan, tontonan, lan konsep-konsep umum. Nalika nggoleki makna iki ora gampang, amarga

makna iki kudu mangerten ikanthi jero lan tliti saka simbol kang ana. Panliti kudu ngonceki luwih jero ngenani makna kasebut supaya asil sing diolehake saka simbol iku bisa mangerten ikanthi maknane.

2.7. Konsep Fungsi

Kabudayan sing ditindakake dening masyarakat jawa mesthi nduweni tujuan lan fungsi. Saka fungsi kang ana sajrone kabudayan kuwi ndadekake masyarakat Jawa gelem nglestarikake tradisi kang diwarisake dening leluhur. Teges saja fungsi dhewe miturut Bascom sajrone Maran (2000:43-44) yaiku minangka alat kanggo ngesahake pranata lembaga kabudayan, alat pendhidhikan, lan alat kanggo ngawasi norma sajrone masyarakat supaya digatekake. Saka teges fungsi kasebut ana gegayutané karo fungsi saka foklor minangka sistem proyeksi ngesahake kabudayan, alat kanggo meksa anane norma sosial, minangka alat pengabdi sosial, lan minangka alat pendhidhikan sing menehi dalan sing bener (Malinowski sajrone Maran, 2000:44). Dadi kabudayan kang sumebar ana ing satengahe masyarakat mesthi nduweni fungsi utawa piguna kanggo masyarakat kang nyengkuyung. Saka anane piguna iku masyarakat mesthi tetep nyengkuyung lan nglestarikake anane tradisi saka kabudayan kasebut.

2.8. Konsep Ngalap Berkah

Ngalap iku nduweni teges yaiku nggoleki, njupuk, lan ngepek. Banjur teges saka berkah dhewe yaiku pangestu, pendonga sing becik. Miturut Azizah (2004:3) ngalap berkah iki ritual sing nganti jaman saiki isih dipercaya lan dilestarikake dening saperangan masyarakat Jawa, amarga tradisi ngalap berkah iki minangka tradisi warisan saka leluhur sing wis dilaksanani kanthi turun tinurun. Ngalap berkah dhewe yaiku nggoleki babagan kang apik utawa sing migunani lumantar samubaran kang dipercaya nduweni berkah, kayata papan nggonan masjid, punden, lan pasareyan. Dadi saka andharan ing nduwur tradisi ngalap berkah iki minangka tumindak sing ditata karo adhat istiadat kanggo nggoleki berkah lumantar samubaran sing dianggep becik, ana ing papan panggonan kayata mesjid, punden, pasareyan. Wektu kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah iki biasane tertamtu utawa wektu sing dianggep becik. Nalika nglaksanani tradisi ngalap berkah iki diajab supaya sawise nglaksanani ngolehake berkah kayata keslametan, kesehatan, lancar anggone golek rejeki, lan sapanunggalane (Azizah, 2014:23), menawa miturut Proboretno (2017:1) minangka salah sawijine ritual kang dilaksanani kanggo ngolehake berkah utawa welas asih

sala Gusti Allah lan ngolehake restu saka leluhur sing mbiyen dianggep sekti.

2.9 Konsep Owah-Owahan

Ora ana kabudayan sing nduweni sifat *statis* utawatetep, kabeh pawongan lansaben generasi mesthi ngretrepake marang kapribaden lan kahanan sing tansaya maju iki. Mula saka anane jaman sing saben taun tambah maju iki tradisi uga mesthi ana owah-owahane saka tradisi jaman biyen sing akeh ditinggalne kanggo melu marang owahe jaman (Maran, 2000:50). Tahap saka owahe kabudayan kasebut miturut Sukarman (2006:36) yaiku: 1) invensi, ngripta kan ngrembakake saka panemu kang anyar, 2) difusi yaiku nyebarake panemu kang anyar kanggo sisitem sosial, lan 3) konsekuensi yaiku owah-owahan sing dumadi ana ing sistem sosial minangka wujud saka adhaptasi utawa ora gelem anane inovasi.

Menawa miturut Maran (2000:50-52) Faktor anane owahe kabudayan iki bisa di perang dadi 5, yaiku: 1) owah-owahan iki bisa dijalari saka kahanan lingkungan alam, kayata owahe iklim sing ndadekake angel pangan. Jalaran sing kaya mangkene iku sing dadekake owahe kabudayan sing kudu nyelarasake karo lingkungan alam. 2) anane masalah karo saperangan kelompok kang nduweni norma-norma, nilai lan teknologi sing beda, 3) anane idhe lan temuan kang anyar sing dadekake kabudayan iki owah. Saka idhe lan temuan iku bisa ngowahi kabudayan nanging tetep diselarasake, 4)

kabudayan iki owah amarga masyarakat ngadopsi utawa ndeleng kabudayan saka papan panggonan liya sing dicakake ing kabudayane dhewe. Proses iki diarani *difusi* yaiku nyebarake unsur kabudayan saka masyarakat marang masyarakat liyane. 5) owah-owahan kaping pungkasna yaiku bisa saka masyarakat kang cara uripe iku njupuk kapitayan utawa kawruh anyar. Isa uga jalaran saka pandhangan uripe utawa saka konsep ngenani realitas.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan panliten mujudake ancangan kanggo nglaksanakake panliten salah sawijine objek. Objek kanga arep diteliti migunakake metodhe supaya luwih nggampangake anggone nglakoni palitenan. Panliten kang bakal katindakake iki bakal migunakake metodhe panliten Dheskriptif Kualitatif. Metodhe dheskriptif kualitatif miturut Sudikan (2001:85) yaiku metodhe kang migunakake cara nyathet kanthi tliti kabeh kedadeyan sing dideleng, dirungu, lan diwaca saka asil dhata wawancara, video, rekaman, dhokumen, lan sapiturute.

Saka andharan ing ndhuwur, penerapan nalika nglaksanani panliten tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro iku panliti bakal nglaksanani wawancara ing narasumber kang wis ditamtokake. Sarampunge nganthongi asil saka wawancara, panliti bakal mbuktikake langsung kanthi mlebu langsung ing lapangan nalika tradisi iku lumaku. Tradisi iku lumaku nalika malem Jumat Pahing. Nalika iku panliti bakal ndeleng, nyathet lan ngrekam lumakune tradisi kanggo mbuktekake asil sing wis di kanthongi panliti ikumau bener apa orane. Saliyane iku panliti uga bakal nganalisis apa sing ditemokake sajrone tradisi ngalap berkah supaya ngolehake dhata kang valid.

3.2 Objek Lan Papan Panliten

Kanggo nliti ngenani tradisi ngalap berkah iku kudu ditamtokake objek lan papan panliten supaya wong sing maca ora bingung apa objek lan ana ngendi papan panggonane.

3.2.1 Objek Panliten

Objek sing bakal dijupuk sajrone panliten budaya iku yaiku tradisi ngalap.

3.2.2 Papan Panliten

Sing didadekake papan panliten sing bakal diteliti yaiku ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo kang manggon ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Salah sawijine babagan kang wigati sajrone panliten yaiku sumber dhata lan dhata panliten.

3.3.1 Sumber Dhata

Sumber dhata sing diolehake saka informan iku biasane arupa tembung-tembung lesan saka warga masyarakat ing sakiwa tengene saliyane juru kunci, (Arikunto, 2010:172). Informan kang dipilih sajrone panliten iku yaiku informan kang yuswane luwih saka 50 taun. Informan primer ing panliten iku yaiku juru kunci saka pasareyan Mbah Trunojoyo yaiku kanthi asma Mbah Japan. Informan sekunder yaiku informan panyengkuyung saka informan sing utama. Informan sekunder iku tuladhané yaiku masyarakat kang ngerti lan melu nyengkuyung anane tradisi ngalap berkah iku kang paring asma Pak Tamsir, Pak Paiman, Kyai Wanuri, Pak Untung lan Pak Prasetyo.

3.3.2 Dhata Panliten

Dhata yaiku wujude bahan kang nyata didadekake bahan dhasare kajian, (Moeliono, 1989:187). Dhata lisan sajrone panliten iku bisa arupa tembung sing


diolehake saka informan sing wis rampung diwawancara. dhata nonlisan iki diolehake arupa dhata, foto, tabel, utawa gambar. Dhata nonlisan iku bisa dadi panyengkuyung kanggo panliti nalika ngolehake dhata ngenani gambaran objek

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo nglumpukake dhata. Miturut Sugiyono (2011:102) instrumen panliten iku piranti kango nliti ngenani kedadeyan lan solah bawane manungsa. Panliti minangka instrumen utama ing panliten kualitatif kang disengkuyung dening dhaptar pitakonan, lembar observasi, alat pambiyantu arupa HP, cathetan, lan sapanunggalane.

3.5 Tata Cara Nglumpukake Dhata.

Tata cara nglumpukake dhata sing digunakake panliti kanggo ngolehake dhata ing kene kelebu babagan kang wigati. Kalebu babagan kang wigati amarga ing kene panliti tujuwan utamane yaiku ngolehake dhata, (Sugiyono, 2017:308) Menawa cara sing digunakake panliti iku ora bener isa nggawe dhata sing diolehake panliti kalebu ora valid. Teknik nglumpukake dhata ing kene bisa dideleng saka gambar:



3.6 Tata Cara Analisis Dhata

Panliten kualitatif nalika nganalisis dhata minangka pakaryan kang angel lan mbuthake kerja sing luwih tenenan. Bogdan sajrone Sugiyono (2014:88) analisis dhata iku yaiku proses nggoleki lan nyusun dhata kanthi sistematis saka asile wawancara, cathetan lapangan, lan bahan-bahan liyane. Dadi data sing diolehake iku gampang dingertené lan dijabarake dening wong liya. Nganalisis dhata iku dilakokake kanthi ngompok-nglompokake dhata, njabarake dhata, ngemokake asil sing anyar saka dhata sing ditemokake, nyusun sajrone

pola, milih sing penting kanggo disinau lan nggawe dudutan sing isa diceritakake marang wong liya.

3.7 Keabsahan Dhata

Dhata sing wis diolehake sajaasil panliten ngenani tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo kudu diuji kanggo mangerten keabsahan dhata sing diolehake. Cara kanggo nguji keabsahan dhata kasebut ditindakake kanthi tujuwan supaya mangerten kebenerane lan bisa dipercaya. Miturut Sudikan (2001:169) keabsahan dhata bisa kabutka saka cara (1) nindakake proses kang diarani, (2) yaiku nindakake *peer debriefing*, (3) yaiku *member check* lan *audit trial*.

3.8 Tata Cara Nyuguhake Asil Panliten

Tata cara nyuguhake dhata miturut Sudaryanto (1993:144) cara formal lan informal. Tata cara formal yaiku analisis kang migunakake angka lan tabel, banjur menawa analisis informal yaiku analisis kang migunakake tembung-tembung.

ANDHARAN

4.1 Mula Bukane Tradisi Ngalap Berkah

Kabudayan tuwuhan lan sumebar ana sakupenge panguripan masyarakat. salah sawijine kabudayan kang sumebar kasebut yaiku tradisi ngalap berkah kang ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro. Wujud saka tradisi ngalap berkah yaiku njaluk donga pangestune Mbah Trunojoyo minangka leluhur saka Desa Sendangharjo supaya apa sing dikarepake dening pawongan bisa ginayuh. Tuwuhe tradisi ngalap berkah iki dijalari amarga masyarakat desa percaya menawa panjenenganipun minanga leluhur desa nduweni kaluwihan sing ora diduweni dening pawongan liyane.

Salah sawijine pethikan wawancara dening salah sawijine narasumber yaiku Mbah Tamsir ngenani kaluwihan sing diduweni dening Mbah Trunojoyo bakal diandharake ing ngisor iki:

(1) “Ngene.. mbah Truno iku lak nduweni kelebihan. Kelebihane seneng tulung wong ngono kuwi. Dadi sing ditulung iku wong susah ya ditulung, wong sedih ya ditulung, wong keneke lara ya ditulung, seneng tulung maksude. Dadi akeh wong masio wis seda akeh sing mara merga pas gesange seneng tulung kuwi mau. Dadi wong laki nalika urip iku apik wayah wis mati pancet diiling-iling wae.” (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Andharan kasebut nuduhake menawa miturut narasumber, saliyane Mbah Trunojoyo nduweni kaluwihan isa mbabad desa panjenenganipun nduweni sipat seneng tulung marang wong liya. Panjenenganipun

ora mandhang iku wong susah, wong sedhih, wong loro kabeh ditulung. Dadi amarga panjenengane seneng tetulung marang wong liya sipat kang seneng tetulung iku dadi pangeling tumrap warga desa. Banjur sejatine kaluwihan sing diduweni dening Mbah Trunojoyo ora mung seneng tetulung, nanging panjenenganipun nduweni kaluwihan sing liyane kayata ing pasareyan pathoke isa minger, salah sawijine Wali Allah, bisa memba dadi iwak. Kaluwihan kaya mangkono iku sing ndadekake masyarakat Desa Sendangharjo menawa panjenenganipun salah sawijine pawongan kang pinilih saka gusti Allah lan bisa disuwuni pangestu dening masyarakat supaya apa sing dikarepake bisa kabul. Saka kapitayan lan pakulinan masyarakat kang nyuwun donga pangestu marang Mbah Trunojoyo iku banjur tuwuh tradisi sing nganti saiki isih dilaksanani kanthi aran tradisi ngalap berkah.

Tradisi ngalap berkah iki minangka warisan leluhur kang kudu dilestarikake dening masyarakat Jawa. Wektu kanggo nglaksanani tradisi galap berkah iki sejatine ora gumathok dadi kapan wae bisa nglaksanani, nanging wektu sing rame nalika masyarakat nglaksanani tradisi ngalap berkah iki nalika Jumat Paing. Amarga nalika Jumat paing iku kalebu saka weton saka Mbah Trunojoyo. Andharan ngenani wektu sing rame kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah iki kapethik saka andharan wawancara saka Pak Paiman ing ngisor iki:

(2) “menawa lak rame ya wayah jumat pahing ngono kui...tapi asline lak wong nyuwun iku ora ana batesane dina dadi sawayah-wayah oleh, ning ramene ya wayah jumat pahing ngno kuwi. Mbiyen enek wong saka Medium, Surabaya, Ngawi iku saben jumat pahing mara. Tapi saiki wis arang kadhang tapi sik mara neng ora wayah jumat pahing. Ya saisane salonggare wonge.” (Pak Paiman, Selasa 14 Januari 2020)

Andharan ing ndhuwur nuduhake menawa dina kang rame kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah iku nalika Jumat Pahing. Nanging dina kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah iku sejatine ora ana watesane dadi saben dina oleh. Banjur saja andharan ing ndhuwur uga menehi pamawas menawa sing ngolaksanani tradisi ngalap berkah ora mung saka sakupenge Desa Sendangharjo wae. Nanging ana sing tekan kutha Medium, Ngawi, Surabaya. Malah jaman biyen pawongan isa ajeg nalika Jumat Pahing nanging saiki paling ana urusan sing ndadekake ora isa nglaksanani ngepasne dina Jumat Pahing. Senadyan mangkono pawongan iku tetep ngaksanani nalika ana wektu kang longgar

4.2 Tata Laku Tradisi Ngalap Berkah

Kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah ing kene diperang dadi loro miturut jinis panyuwunan kang entheng lan abot. Sajrone tata laku ing jinis panuyuwunan kang kagolong entheng luwi gampang dilaksanani tinimbang saka tata laku jinis panyuwunan kang abot. Andharan ngenani perangan kasebut bakal diandharake ing ngiso iki:

4.2.1 Tata Laku Jinis Panyuwunan kang Kagolong Entheng

Tata laku ing jinis iki mung ana loro yaiku mbatin utawa sambat marang Mbah Trunojoyo lan ngluwari saka apa sing wis dadi uni nalika sambat.

1. Mbatin Utawa Sambat Marang Mbah Trunojoyo

Mbatin utawa sambat marang Mbah Trunojoyo iki dilaksanani ana ing omah ora prelu teka ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Nalika nglaksanani tata laku kang wiwitan sing kaya mangkene iki uga ora ndeleng wektu lan panggonan kang gumathok, tegese mangkono yaiku bisa dilaksanani ing ngendi wae lan kapan wae. Senadyan wektu lan panggonan ora gumathok nanging pikiran lan ati kudu fokus njaluk pangestu marang Mbah Trunojoyo. Tuladhané “Mbah anak kula sakit, kula nyuwun waras. Menawi waras mangke kula mbeta sega bucu panggang pitek”.

2. Ngluwari

Ngluwari kang dilaksanakake ing pasareyan iki arupa wujud saka apa sing wis diunekne nalika pawongan iki njaluk pangestu marang Mbah Trunojoyo. Dadi ngluwari iki dilaksanakake sawise apa sing dijaluk dening pawongan iku wis kedadeyan utawa wis keturutan. Tata laku sing iki kudu dilaksanani nalika tradisi ngalap berkah amarga nalika iki pawongan iku mau kayata nebus apa sing wis dadi janji nalika njaluk pangestu. Lumrahe janji iku kudu ditepati ya ing kene padha karo ngluwari tata laku ing tradisi iki. Nggawa berkat kang isine miturut apa sing dadi uni nalika njaluk pangestu.

Andharan ing ndhuwur kasebut disengkuyung dening wawancara narasumber ing ngisor iki:

- (3) “Cara-carane upami aku njaluk babagan kang gampang. Aku nduwe tiyang sakit “Mbah truno anak kula sakit kula nyuwun saras menawi saras kula mbeta sega bucu panggang pitek”. Niku muni neng omah. Mengko lak wis waras lagi nggawa apa unine mau lan nyekar bacut omong “Mbah kula ngluwari kala wingi sing dados uni kula teng ngomah mbeta sega bucu panggang pitek” ngko panjenengane pun mireng utawa isa uga mbok pasrahe Japan ngomong arep ngluwari wingi nduwe uni wong loro. Ngko wis

dipasrahake Japan dhewe ngono ya isa. Karo saiklase nggawa wajib kanggo Japan sing ngrumat sareyane Mbah.” (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Saka pethilan ing ndhuwur nuduhake menawa tata laku sing wiwitan yaiku sambat. Nalika apa sing dadi uni wis keturutan lagi ngluwari apa menehi apa sing wis dijanjekake. Nggawa ubarampe sing wis dadi uni kayata sega bucu panggang pitek iku banjur muni ing sareyane Mbah Truno menawa berkat iku minangka apa sing dadi luwaran saka uni sing wis diucapake. Utawa bisa uga dipasrahake juru kunci menawa dheweke pengen ngluwari unine. Tata laku sing kagolong gampang ngno wae Mbah Trunojoyo wis mireng lan wis ngerti. Lan ora lali menehi kerah utawa wajib kanggo Pak Japan minangka juru kunci sing ngrumat pasareyane Mbah Trunojoyo.

4.2.2 Tata Laku Jinis Panyuwunan kang Kagolong Abot

Tata laku perangan sing keloro iki luwi angel tinimbang tata laku perangan sing kaping siji. Isa diarani mangkono amarga tata laku sing iki luwi akeh prosese tinimbang sing wiwitan. Senadyan tata laku kang kagolong akeh iki luwi akeh prosese nangin cara nglakoni saben tata lakune isih gampang lan bisa diarani ora ruwet.

1. Nalika Arep Nyuwn
- a. Wudhu

Tata cara iki wajib dilaksanani sadurunge budhal ing pasareyane Mbah Trunojoyo. Sejatine wudhu ing kene ora mung anggera wudhu nanging nalika teka ing pasareyane Mbah Trunojoyo pawongan iku kudu resik. Tegese resik yaiku resik saka hadas gedhe lan hadas cilik. Dadi menawa isih nandang hadas gedhe kudu adus kramas dhisik niat ngilangi hadas gedhe.

- b. Nyekar Sinambi Dongat ing Pasareyane Mbah Trunojoyo.

Nyekar sinambi donga ing kene dilaksanani ing ngarepe pasareyane Mbah Trunojoyo langsung sinambi nggawa kembang sing bakal disekarakake. Kembang kang digawa iku diselehan ana ing cedheke padhog Mbah Trunojoyo sawise pawongan kasebut dongakake Mbah Trunojoyo minangka leluhur desa. Saliyane iku ing tata laku iki bageyan kita bisa menawa arep sambat nyuwun donga pangestune Mbah Trunojoyo supaya cepet kabul marang Gusti Allah. Dadi tata laku iki minangka tata laku kang wajib uga dilaksanani nalika melu tradisi ngalap berkah.

- c. Ngobong Menyan

Ngobong menyan ing kene dilaksanani ana ing pasareyane Mbah Trunojoyo kanthi papan kang wis

cumepak sing sumadya kango tata laku ngobong menyan. Papan panggonan kango tata laku ngobong menyan iki ana ing sisih kiwa pojok saka panggoanan pasareyane Mbah Trunojoyo.

d. Diweruhi Lumantar Impen

Nalika wis mulih lan nunggu kekarepan iku supaya bisa kalaksanan ana ing omah bengine nalika turu biasane ana pituduh kang diwenehake dening Mbah Trunojoyo supaya pawongan iku mau bisa mangerteni apa sing dadi kekarepane iku bisa kedadeyan apa ora

2. Ngluwari

Tata laku ngluwari ing pasareyan iki ora ana bedane nalika ngluwarisaka tradisi ngalap berkah kanthi jinis panyuwunan kang entheng. Dadi tata laku kango nglaksanani kabeh iku padha, tata laku ngluwari ing pasareyane Mbah Trunojoyo iki dilaksanakake nalika kekarepan kang dijaluk wis kelaksanan utawa keturutan.

4.3 Ubarampe Tradisi Ngalap Berkah

Nalika nglaksanani tradisi sajrone mesti ana ubarampe kang digawa kango nyenguyung lumakune tradisi iku supaya lancar. Ubarampe yaiku piranti kang ana ing tradisi ngalap berkah kang dipercaya nduweni nilai kang kinandhut ing njerone.

4.3.1 Jinis Panyuwunan kang Entheng

1. Kembang Wangi

. Jinis kembang kang digunakake nyekar iku jinis ana akeh banget, nanging ana ing tradisi ngalap berkah ing pasareyane Mbah Trunojoyo migunakake kembang wangi sing biasae isine kembang telon utawa kembang irisan.

2. Ubarampe Kanggo Berkatan

Ubarampe kanggo berkatan ing tradisi ngalap berkah iki padha karo ubarampe ing berkatan liyane yaiku mung ana lawuh lan sega tanpa ana jajane. Lawuh kang digunakake kango panyengkuyung saka segane dhewe yaiku ora winates uga. Biasane saka warga Desa Sendangharjo sing nglaksanani tradisi ngalap berkah iki lawuh sing digawa kango berkatan mung panggang pitek wutuh lan mie kango lawuh panyengkuyunge. Segé kang digunakake kango tradisi iki mung sega putih sing ndhuwure ana bucune. Andharan kasebut disengkuyung dening pethikan ing ngisor iki:

- (4) “Yen munine nggawa sega bucu panggang pitek ya sawise kabul iku ndhuk bercate ya kudu nggawa padha sing diunekne mau. Nggawa sega putih sing ndhuwure enek bucune, iwak pitek panggang utuh, karo lawuhe. Lawuhe kuwi ya sapethuke ndhuk enek mie ya dikeki mie enek tempe ya dikeki tempe ngono.” (Mbah Untung, Selasa 14 Januari 2020)

Saka andharan ing ndhuwur nuduhake menawa ubarampe kang digunakake kango berkatan iki jinis ora mung ana siji. Ubarampe kang digunakake kango berkatan iki ana sega bucu, panggang pitek lan lawuh panyengkuyunge.

3. Kerah utawa Wajib

Kerah utawa wajib iki salah sawijine ubarampe arupa panganan kang ana ing njero berkat. Kerah utawa wajib iki wujude dhuwit kang diwenehake pawongan kang nglakoni tradisi ngalap berkah marang juru kunci. Kerah utawa wajib iki diwenehake minangka rasa matur nuwune warga marang juru kunci kang saben dina ngrumat lan ngopeni saka pasareyane Mbah Trunojoyo.

4.3.2 Jines Panyuwunan kang Abot

Ubarampe kang digunakake saka jinis panyuwunan kang abot sajrone tradisi ngalap berkah kang dilaksanakake ing pasareyane Mbah Trunojoyo iki ana pambeda sithik tinimbang saka jinis panyuwunan kang luwih entheng. Kabeh ubarampe kang digunakake ing jinis panyuwunan kang entheng sing wis dijlentrehake ing ndhuwur uga digunakake sajrone jinis panyuwunan kang abot. Sing dadi pambeda ing kene yaiku jinis panyuwunan kang abot ana ubarampe tambahan yaiku menyan.

1. Menyan

Menyan minangka ubarampe tambahan kang dadi pambeda saka jinis panyuwunan kang entheng. Menyan iki arupa watu kristal kristal kang digunakake kango wewanginan. Dadi nalika menyan iki diobong bakal mambu wangi ing sakupenge pasareyan Mbah Trunojoyo. Andharan ngenani ubarampe menyan jumbuh dening pethikan narasumber kang ana ing ngisor iki:

- (5) “Nanging menawa sing dijaluk abot mara neng nggone Mbah Truno nyekar gawa kembang satum karo menyan.” (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Saka pethikan kasebut kabutti menawa ing jinis panyuwunan kang abot iki ana tambahan ubarampe yaiku menyan.

4.4 Simbol lan Makna kang Kinandhut Sajrone Tradisi Ngalap Berkah

Saperangan saka tata laku kang ana ing tradisi ngalap berkah ngandut simbol lan makna kang ndhuwuni nilai luhur. Simbol lan makna kango ngeceki tata laku ing tradisi ngalap berkah iki migunakake konsep sing digawe saka Maran (2000:43) menawa simbol yaiku samubarang kang isa nuduhake utawa menehi teges. Simbol lan makna iku konsep sing ora bisa dipisahake sajrone konsep kabudayan, amarga sejati makna iku pesen sing kinandhut sajrone simbol. Saka anane konsep sing kaya mangkono panliti bakal njlentrehake simbol kang kinandhut sajrone tata laku tradisi ngalap

berkah sing mesthi nduweni makna utawa pesen kang kinandhut.

4.4.1 Wudhu

Wudhu minangka salah sawijine tata laku kang wajib sadurunge nglaksanani sowan ana ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Sejatine wudhu sadurunge nyekar iku ora mung katindakake nalika sowan ing pasareyan Mbah Trunojoyo wae, nanging kudu dilakokake nalika arep nyekar ana ing pasareyan ngendi wae. Wudhu kang dadi tata laku wajib sadurunge nyekar ing pasareyan iki nduweni simbol lan makna kang kinandhut. Simbol kang kinandhut kinandhut sajrone tata laku wudhu kasebut yaiku suci. Suci ing kene ndhuweni makna utawa pesen menawa pawongan arep nyekar ing pasareyan Mbah Trunojoyo kudu suci tegese yaiku resik saka hadas gedhe lan qadas cilik.

4.4.2 Nyekar

Dadi tata laku nyekar iki isih kalebu tata laku kang wigati sing ngandhut simbol lan makna ing njerone. Simbol lan makna iku ana sajrone tata laku nyekar iki supaya pawongan kang nglaksanani tradisi ngalap berkah tenanan anggone nglaksanani. Dadi bisa diarani menawa wis kebuka atine pawongan kasebut nalika donga nyuwun pangestu marang Mbah Trunojoyo bisa luwih khikmat.

4.4.3 Ngobong Menyan

Tata laku sabanjure kang ngemu simbol lan makna yaiku nalika nglaksanani tata laku ngobong menyan sarampunge donga ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Tata laku iki ngemot simbol lan makna kang dadi tandha kabul orane saka apa sing dijaluk dening pawongan sing melu nglaksanani tradisi ngalap berkah. Lumantar ngobong menyan dimangerteni murup orane menyan wis dadi pangarep-arep kango wong sing nyuwun donga pangestu.

4.4.4 Impen

Nalika mulih iku pawongan kasebut kudu pasrah nrima apa wae sing bakal dadi asil saka sawise nglaksanani tradisi. Masalah bakal kabul orane iku kabeh dipasrahake marang gusti Allah. Nanging menawa kekarepan mau bakal dikabulake saliyane diwenehi pratandha saka murupe menyan kang diobong, uga diwenehi simbol lumantar ngimpiNgimpi kang dadi simbol iku nekani kaya-kaya ditekani macan kang lagi lewat nanging ora oleh diloroi. Dadi lumantar mimpi iku menehi makna utawa teges menawa ndelok ana macan lewat pawongan kasebut kudu ngucap syukur apa sing dadi karepane kabul

4.4.5 Ora Oleh Ngicipi Jangan

Ora oleh ngicipi jangan nalika nglaksanani tata laku berkat iku uga nduweni simbol lan makna kang

kinandhut ing njerone. Nalika nglaksanani berkat kango ngluwarti apa sing dadi uni, berkat sing digawa menawa ora panggang pitek ya mbeleh wedhus ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Wayah berkat sing mbeleh wedhus, pawongan kang ngluwarti kasebut kudu masak ing pasareyan. Nalika masak ing pasareyan tata laku iku nduweni simbol yaiku cawisan kanggo masrahake marang Mbah Trunojoyo ora oleh diicipi. Simbol kasebut nduweni teges amarga Mbah Trunojoyo minangka pawongan kang dikhurmati dadi ora oleh diwenehi turahan. menawa masak trus diicipi dianggep menawa masakan iku wis dadi turahan.

4.5 Fungsi kang Kinandhut Sajrone Tradisi Ngalap Berkah Tumrap Masyarakat

Tradisi kalebu sajrone foklor kang setengah lesan kango nduweni fungsi tumrap masyarakat sing melu nyengkuyung tradisi kasebut. Fungsi kang kalebu sajrone tradisi iku dimanfaatke kanthi tenanan dening masyarakat Jawa supaya saliyane kanggo nguri-nguri kabudayan sing ana uga nduweni fungsi liya sing bisa dijupuk.

4.5.1 Tradisi Ngalap Berkah Minangka Sarana saka Sistem Proyeksi

Fungsi saka teori kang diandharake dening William R. Bascom sing wiwit yaiku minangka sistem proyeksi yaiku minangka alat kanggo pangilo saka angen-angen kolektif. Angen-angen kang diduweni saka masyarakat Sendangharjo iki bisa nuuhake tradisi ngalap berkah sing nganti saiki isih dilaksanani. Fungsi kang kaya mangkono bisa dideleng saka andharan narasumber ing ngisor iki:

- (6) “Pada intine ngeten mawon minimal paling mboten kan piyantun kang pertama kali mbabad teng Desa Sendangharjo. Seperti itu otomatis kan orang-orang terdahulu dianggep sebagai danyang utawa leluhur desa sebagai pelindung. Dados dipercaya oleh warga sekitar bahwa Mbah Trunojoyo sebagai orang yang linuwih atau mempunyai kelebihan sehingga dihormati dan beliau lebih dekat dengan yang murbeng dumadi seperti itu. Sehingga munculah tradisi yang sampai sekarang masih dilakukan ini. Karena seperti yang saya jelaskan tadi masyarakat percaya bahwa Mbah Truno termasuk orang linuwih yang dekat dengan Allah sehingga dapat mengabulkan kekarepane masyarakat ngoten Mbak.”

“Wigatine iku ngene paling ora menawa wong sing wiwit mbabad ana ing Desa Sendangharjo. Kaya mangkono kanthi langsung wong biyen iku nganggeo minangka danyang utawa leluhur desa

kang isa nglinduni. Dadi dipercaya dening warga desa menawa Mbah Trunojouw minangka pawongan kang linuwih utawa nduweni kaluwihan nganti dikhurmati lan panjenenganipun luwih cedhek marang Kang Murbeng Dumadi kaya mangkono. Dadi tuwuhan tradisi sing nganti saiki isih dilaksanakake. Amarga padha karo sing tak jlentrehake mau masyarakat percaya menawa Mbah Truno kalebu pawongan kang linuwih sing cedhak marang Gusti Allah dadi isa ngabulake kekarepane masyarakat ngono Mbak. "(Pak Prasetyo, Rabu 15 Januari 2020).

Saka andharan Pak Prasetyo ing ndhuwur nuduhake menawa Tradisi ngalap berkah iki minangka wujud pangilo saka angen-angen kolektif masyarakat. Amarga tuwuhan tradisi iki uga saka kapitayan masyarakat dhewe kang percaya marang kaluwihan sing diduweni dening Mbah Trunojoyo nganti bisa ngabulake kekarepane. Mula saka kapitayan sing diduweni masyarakat iku mau akeh masyarakat kang nyuwun donga pangestu marang Mbah Trunojoyo lan suwe-suwe dadi tradisi sing nganti saiki isih kelaksanan iki. Dadi bisa diarani menawa tradisi ngalap berkah iki nduweni fungsi saka foklor sing minangka piranti alat proyeksi.

4.5.2 Tradisi Ngalap Berkah Minangka Piranti Pengesah Budaya

Fungsi kang kaping loro yaiku minangka piranti kanggo ngesahake kabudayan ing kene uga bisa ditemokake sajrone tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Tujuwan utama saka lumakune tradisi ngalap berkah iki kanggo apa sing disuwun dening pawongan iki bisa kasebadan. Cara kanggo nyuwun marang gusti Allah kasebut dilakokake dening pawongan kanthi maneka warna cara supaya bisa apa sing disuwun iku bisa kabul. Dadi salah sawijine cara pawongan nyuwun marang gusti Allah iku lumantar nyuwun donga pangestu marang Mbah Trunojoyo kanthi melu nglaksanani tradisi ngalap berkah ing pasareyan. Tradisi kang dilaksanakake kanthi turun-temurun nganti patang turunan iki banjur disahake minangka wujud saka kabudayan.

Pasareyan Mbah Trunojoyo iki kerep digunakake kanggo nyuwun donga pangestu marang Gusti Allah supaya apa sing dikarepake iku bisa lancar. Amarga Mbah Trunojoyo iki minangka pawongan kang dipercaya dening masyarakat nduweni kaluwihan lan luwih cedhek marang Gusti. Mula saka iku akeh sing nyuwun donga pangestu neng pasareyan Mbah Trunojoyo. Andharan ing ndhuwur kasbeut disengkuyung dening andharan saka narasumber sing dipethik ing ngisor iki:

(7) "ya njaluk donga neng kana supaya kabul. Tapi ndonga ya karo pengeran. Kana ki mung

lumantar. Aku ya mung anut wae iku wis kat jaman biyen kok ndhuk. Wis ana patang turunan paling. Sing nganti saiki dilakokne kuwi saben jumat pahing mesti rame wong saka ngendengendi teka. Wis dadi tradisi rutin ing desa kene." (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Andharan ing dhuwur bisa dimangertenin menawa tradisi ngalap berkah minangka piranti kanggo ngesahake budaya. Isa diarani mangkono amarga saka tata cara ndonga ing pasareyan Mbah Trunojoyo supaya oleh pangestune panjenengane, amarga dipercaya dening masyarakat panjenengane minangka pawongan kang linuwih. Dadi apa sing dikarepake isa kabul lan kelaksanan. Tata cara ndonga ing tradisi ngalap berkah iki wis dilaksanakake saka jaman biyen lan nganti saiki isih ana. Isa diarani disahake dadi tradisi amarga wis dilaksanani kurang luwihe nganti telung turunan.

4.5.3 Tradisi Ngalap Berkah Minangka Sarana Pendhidhikan

Pendhidhikan dibutuhake dening kabeh pawongan, dadi ora ana sing ora butuh dening pendhidhikan. Pendhidhikan bisa diolehake ora mung saka sekolah, nanging pendhidhikan bisa diolehake saka ngendi wae lan kapan wae. Lingkungan sakupenge pawongan iku uga bisa dadi sarana pendhidhikan kang ngajarake akeh wawasan sing ora diolehake saka sekolah. Pendhidhikan sing diolehake saka lingkungan iki bisa diolehake saka tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo. Pendhidhikan kang diolehake ing kene iki minangka wujud saka penglestari budaya, amarga tradisi ngalap berkah iki kalebu ing salah sawijine kabudayan kang kudu diuri-uri. Saka kene tradisi ngalap berkah bisa dadi sarana pendhidhikan kanggo nom-noman sing melu nyengkuyung tradisi ngalap berkah supaya tetep njaga lan nglestarikake tradisi iki. Andharan ngenani nom-noman kang melu nyengkuyung tradisi ngalap berkah iki bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki:

(8)" Wong kuwi ya wujude soqadoh pisan syukuran neng kono laku padha di pangan bareng-bareng laku ra entek oleh digawa mulih. Wong wayah jumat pahing rame-ramene ngono kae nom-noman barang melu ngruyuk akeh neng sareyane Mbah. Ketok rejo banget nyawange." (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Saka andharan ing ndhuwur nuduhake menawa sing melu nyengkuyung tata laku ing tradisi ngalap berkah iku ana nom-noman. Kadeleng saka pethikan menawa nom-noman iku melu ngruyuk berkat sing digawa saka pawongan sing nglaksanani berkatan sarampunge duwe uni. Banjur dipangan bareng-bareng. Dadi ing kene bisa dijupuk fungsi pendhidhikane menawa

nom-noman uga melu nyengkuyung lan bisa mangerten tradhisi kang kelaksanan iki. Supaya mbesuke tradhisi iki tetep bisa lumaku amarga akeh paedah kang ana ing njerone tradhisi ngalap berkah.

4.5.4 Tradisi Ngalap Berkah minangka Piranti Pengendali Sosial

Manusia iku ditakdirake kanthi urip sajrone bebrayan kang mesthi mbuthake wong liya kanggo nglaksanani urip. saka takdir kasebut manungsa diarani minangka makhluk sosial sing kudu srawung marang manungsa siji lan liyane. Srawung kasebut kanth ancas supaya manungsa iku bisa ngraketake kerukunan lan bisa padha-padha urip barengan. Menawa ana manungsa sing lagi susah bisa ditulung, kedadeyan kasebut sing ndadekake urip kanthi kerukunan kang raket iku dadi babagan kang wigati. Saka andharan ngenani manungsa minangka makhluk sosial kasebut, sajrone tradhisi ngalap berkah uga ngandhut fungsi yaiku minangka piranti kanggo ngendhalikake uripe manungsa ing bebrayan. Supaya kerukunan saka manungsa siji lan liyane bisa kajaga luwih raket lan menehi paedah liya nalika nglaksanani tradhisi ngalap berkah. Fungsi ngenani minangka piranti kanggo ngendhalikake sosial lumantar ngraketake paseduluran iku kabukti saka andharan narasumber kanthi pethilan ing ngisor iki:

(9) ”ya isa olehake kerukunane masyarakat amarga nalika wong syukuran nggawa panganan sega bucu panggang pitek tuladhané banjur di kruyuk bareng dipangan bareng. Banjur jagongan neng sareyan ngno kae paling kadang aku omongomongan karo wong liya ngenani sawah kenek tikus trus diobati apa ben mari. Lak aku ora melu tradhisi iku kan aku ora oleh informasi obate tikus iku mau.. isa dadi manfaat pisan kuwi lo....” (Pak Paiman, Selasa 14 Januari 2020)

Andharan ing ndhuwur nuduhake menawa saka nglaksanani tradhisi ngalap berkah iki bisa ngolehake fungsi kanthi piranti kanggo ngendhalikake sosial saka wujud karukunan sing dilaksanani satengahe tradhisi ngalap berkah. Karukunan ing kono bisa diolehhake saka tata laku berkatan sing dipangan bareng iku lan sarampunge mangan bareng nglaksanani jagongan marang wong sing liya sing nglaksanani tradhisi ngalap berkah. Saliyane kerukunan kang diolehhake saka jagongan iku, pawongan kang nglaksanani tradhisi ngalap berkah uga bisa ijol-ijolan pengalaman babagan sawah. Kayata andharan ing ndhuwur lumantar jagongan ong trashisi ngalap berkah iku bisa mangerten obat kanggo ngilangi tikus kang ana ing sawah.

4.5.5 Fungsi Tradisi Ngalap Berkah Liyane

Saliyane fungsi kang ana sakrone teorine Bascom, tradhisi ngalap berkah iki uga nduweni fungsi liya. Fungsi liya kasebut kayata fungsi ekonomi, fungsi sodaqoh, lan fungsi nguri-nguri kabudayan Jawa.

1. Fungsi Ekonomi

Sing wiwitian kanggo fungsi liyane saka tradhisi ngalap berkah yaiku fungsi ekonomi. Fungsi ekonomi iki kinandhut ing tradhisi iki amarga bisa ditemoni akeh wong dodolan kembang ing sakiwa tengene pasareyan. Wong dodolan iki manfaatake dodolan ing dina Jumat Paing amarga nalika dina iku akeh pawongan Paedah saka anane tradhisi ngalap berkah iki ningkatake saperangan pendhapatane masyarakat Desa. Mula saka anane dodolan kembang kasebut tradhisi ngalap berkah iki bisa diarani nduweni fungsi ekonomi. Andharan ngenani fungsi kasebut bisa kadeleng saka andharan narasumber kang kapethik ing ngisor iki:

(10) ”Napa nggih Mbak, niku tiyang sadeyan kembang teng telon niku, teng klumpang nggih wonten pas niku tiyang sadeyan kembang dadose saged dados pakaryan masyarakat pas Jumat Paing.”(Pak Prasetyo, Rabu 15 Januari 2020).

Andharan saka pethikan ing ndhuwur bisa dadi bukti menawa anane tradhisi ngalap berkah bisa menehi fungsi ekonomi tumrap masyarakat Desa. Fungsi ekonomi kang ana iku kawujudake anane warga Desa kang dodolan kembang nalika dinane Jumat Paing sing bisa nambahi pendhapatane kanggo saperangan warga Desa. Dadi saliyane bisa menehi paedah tumrap wong sing dodolan kembang, uga nggampangake pawongan kang nglaksanakake tradhisi ngalap berkah kanggo nggolek ubarampe wajib arupa kembang.

2. Fungsi Sodaqoh

Fungsi liyane sing kaping loro saka tradhisi ngalap berkah yaiku fungsi sodaqoh. Fungsi sodaqoh iki bisa ditemokake sajrone tata laku berkatan. Tata laku berkatan iki ngandhut fungsi sodaqoh amarga berkat kanthi wujud kanggo ngluarisaka uni salah sawijine pawongan, kanthi ora langsung sejatine nduweni ancas kanggo sodaqoh. Amarga berkat sing wis rampung dipasrahake kuwi mau, banjur dipangan bareng-bareng lan isa uga digawa mulih. Mula saka iku tradhisi ngalap berkah uga nduweni fungsi sodaqoh sajrone tata laku berkatan. Andharan sing kaya mangkono iku disengkuyung dening andharan narasumber kanthi pethikan ing ngisor iki:

(11)” Ya oleh berkat saka wong sing melu tradhisi kuwi to ndhuk. Dadi fungsi sedekah kanggo wong liya penting kudu ikhlas sing menehi. Wong berkat teka ngono kae kadang langsung dikruyuk pangan bareng iwake dicuwili padha

katon guyub rukun merga mangan bareng kuwi.”
(Mbah Untung, Selasa 14 Januari 2020)

Andharan sing kaya ing ndhuwur iku nuduhake menawa saka tata laku berkatan iku wong sing nglaksanani tradisi ngalap berkah uga sedekah marang wong liya. Syarat tata laku berkatan iku isa dadi sedekah yaiku nalika menehi berkat pawongan kasebut kudu nduweni rasa kang ikhlas. Dadi menawa berkat sing diwenehake iku kanthi rasa ikhlas banjur dikruyuk kanggo dipangan bareng-bareng bisa nuwuhan fungsi sodaqoh marang wong liya

3. Fungsi Nguri-Nguri Kabudayan

Fungsi liyane saka tradisi ngalap berkah sing pungkasan yaiku fungsi nguri-nguri kabudayan. Fungsi nguri-nguri kabudayan kasebut diolehhake amarga tradisi ngalap berkah iki ngandhut simbol lan makna kang kasebar sajrone tata laku lan ubarampe. Simbol lan makna kasebut menehi kawruh tumrap masyarakat Jawa. Amarga tradisi ngalap berkah iki nduweni simbol lan makna kang dadi alesan supaya tradisi iki kudu dirembakakake dening masyarakat mligine kawula mudha. Menawa tradisi iki isih diuri-uri dening masyarakat, tradisi iki bakal menehi fungsi-fungsi kang becik tumrap masyarakat kang nglaksanani lan melu nyengkuyung lumakune tradisi.

Saka anane tradisi ngalap berkah nduweni fungsi nguri-nguri kabudayan, fungsi kasebut diolehhake nalika wong sing luwih tuwa nglaksanani tradisi sinambi ngenalake lan njentrehake saben ubarampe lan tata laku sing ngandhut simbol lan makna marang wong sing luwih mudha. Lumantar kagiyatan sing kaya mangkono, wong sing luwih mudha iku bakalan mangerten lan njaga anane tradisi sing wis lumaku iki. Kawula mudha uga bisa luwih ngrembakakake amarga mangerten menawa tradisi iki minangka kabudayan kang wigati kanggo dilestarikake. Fungsi kanggo ngleluri budaya iki kabuki saka andharan narasumber kang kapethik ana ing ngisor iki:

(12) “lajeng pas tradisi kathah ingkang jagongan saling pertukar pikiran. Saat tradisi ini berlangsung juga banyak anak muda yang nunggoni berkat to Mbak tapi secara tidak langsung mereka melihat apa saja yang dibawa dan bagaimana caranya. Mula saka niku bisa jadi fungsi pengetahuan untuk anak muda supaya melestarikanya to Mbak.”

“banjur nalika tradisi akeh sing jagongan kanggo ijolan pamikir. nalika tradisi iki lumaku akeh uga wong enom kang nunggoni berkat to Mbak, nanging kanthi ora langsung dhewekek uda ndelokapa wae piranti kang

digawa lan kaya piye carane. mula saka iku isa dadi fungsi menehi kawruh marang cah enom supaya nglestarikake Mbak.” ”(Pak Prasetyo, Rabu 15 Januari 2020).

Saka andharan ing ndhuwur nuduhake menawa tradisi iki uga ndhuwuni fungsi kanggo ngleluri salah sawijine budaya yaiku tradisi ngalap berkah. Fungsi kasebut menawa dideleng saka andharan saka Pak Prasetyo ing ndhuwur yaiku lumantar menehi kawruh marang kawula mudha kang melu nyengkuyung tradisi ngalap berkah. kawula mudha kasebut nyengkuyung nalika nunggoni wayah berkatan, senadyan kaya mangkono kedadeyan kasebut bisa dadi kawruh menawa tradisi iki ngandhut piwulang kang wigati sing kudu diuri-uri. Supaya mbesuk anak putu bisa ngrasakake kayane budaya kang sumebar ing Jawa mligine Jawa Timur.

4.6 Owah-owahan saka Tradisi Ngalap Berkah

Owah-owahan kang digawe kanggo njentrehake ana ing panliten iki migunakake konsep saka Maran (2000:50) yaiku saka anane jaman sing saben taun iki tambah maju tradisi iki uga nduweni owah-owahan saja jaman biyen sing akeh ditinggalke kanggo melu marang owahe jaman. Konsep saka Maran kang cacahe ana lima kasebut ora kabeh dadi faktor sing njalari tuwuhe owah-owahan kang ana ing tradisi ngalap berkah. Dadi faktor sing njalari saka owah-owahan kasebut mung ana loro yaiku anane idhe lan temuan kang anyar sing dadekake kabudayan iki owah. Saka Idhe lan temuan iki bisa ngowahi kabudayan nanging tetep diselarasake

4.6.1 Piranti Ubaramp

Piranti ubarampe sing diganti amarga ing jaman saiki wis angel ditemokake wadah kang bahane digawe saka pring lan piranti iku digunakake mung sepisan. Dadi menawa wis rampung digawe wadah berkat kasebut langsung diguak. Piranti sing ganti lumantar owahe jaman kasebut diarani encek. Jaman biyen encek digawe dening masyarakat Desa Sendangharjo kanggo nggawa berkah neng pasareyan kanggo nglaksanani tradisi ngalap berkah.

Nanging ing jaman saiki encek kasebut wis ora tau ditemokake kanggo piranti berkatan ing tradisi ngalap berkah. Encek kasebut wis ora digunakake kanggo wadah berkat amarga jaman saiki masyarakat Desa Sendangharjo nganggep menawa wadah encek iku nalika arep nggunakake kudu nggawe dhisik lan menawa wis digawe langsung diguwak. Kamangka masyarakat Desa Sendangharjo ngarani amarga owahe jaman iki wadhad kang kaya mangkono iku dianggep wis ora *efektif* maneh kanggo wadhad berkat. Mula saka iku wadah berkat saiki ana owah-owahan saka encek diganti dadi wadhad bak

berkat sing langsung isa digawe lan sarampunge digawe isih isa disimpel kanggo waduh maneh nalika nglaksanani tradhisi ngalap berkah ing liya dina. Andharan ngenani owahe piranti kanggo nglaksanani tradhisi ngalap berkah iku diandharake dening narasumber kang kapethik ana ing ngisor iki:

(13) "oh iya ana jaman biyen berkate iku di wadahe encek utawa marang. Sing digawe saka preng Ngono kae. Wong saiki ya ra gelem ribet ngono kae lak ndadak gawe. Menawa saiki pancet dibucuni lincip segane. Neng wadahe kan bak berkatan plastik ngono kuwi." (Mbah Tamsir, Rabu 15 Januari 2020)

Saka andharan ing ndhuwur nuduhake menawa jaman biyen wadah kanggo berkat sing digawa neng pasareyan Mbah Trunojoyo kanggo nglaksanani tradhisi ngalap berkah yaiku migunakake encek. Encek kasebut piranti kang digawe saka preng. Nanging wong saiki wis ora gelem nggawe encek maneh amarga wis males menawa ndadak gawe dhisik. Dadi ing jaman saiki wadahe encek iku diganti dening bak berkat plastik sing luwih gampang. Nanging senadyan wadahe ganti sega kang digawa kanggo berkat iku kudu tetep ana bucune, amarga nalika muni marang Mbah Truna berkatan nggawa sega bucu

4.6.2 Berkatan

Faktor saka Maran kang kaping lima kasebut bisa jalari amarga anae kawruh anyar saka masyarakat menawa berkat sejatine nduweni tujuwan kanggo ladhang sodaqoh marang wong liya. Menawa berkat iku mau didol dening salah sawijine pawongan yaiku juru kunci jaman biyen iku dianggep kurang bener. Mula saka iku sajrone tata laku berkatana ana owah-owahan sithik kanthi berkat iku mau ora oleh didol nanging dipangan bareng utawa yen ora entek oleh digawa mulih kanggo dipangan bareng karo kulawargane. Dadi anane owah-owahan kasebut tuwuhan saka kawruh kang anyar sing diselarasake dening *realita* sing ana ing jaman saiki.

Senadyan nalika dina Jumat Paing berkat iku cacahé ana akeh banget, juru kunci sing saiki yaiku Pak Japan ora wani ngedol iwak sing ana ing njero bercate iku. Amarga panjenengane mangertenan menawa tujuwan berkat iku salah sawijine kanggo sodaqoh dadi ora selaras menawa berkat iku mau didol. Andharan negnani owah-owahan saka berkatana kang diandharake ing ndhuwur iku kabukti saka pethikan narasumber kang ana ing ngisor iki:

(14) "Ananging ana pambeda saka juru kuncine Mbah Semplung. Jaman biyen panggang pitek saka warga kang syukuran iku dilumpukne banjur didol neng Dander. Lak aku ora panggang pitek mau saapa sing gelem mangan tak kon mangan

tak bage-bage nganti entek. Ngono iku ya enek efeke. Sapi saka juru kunci mau diangon neng oro-oro banjur klothak mati dhewe. Asline pitek iku penging adol" (Pak Japan, Senin 13 Januari 2020)

Saka andharan narasumber ing ndhuwur Pak Japan njlentrehake menawa ana owah-owahan utawa pambeda saka juru kunci kang ngolah berkat sing diolehan saka tradhisi ngalap berkah. Jaman juru kuncine yaiku Mbah Semplung berkat sing diolehan mligine panggang pitek sing digawa warga kanggo syukuran iku dilumpukne banjur didol ana ing Dander. Menawa ing jaman saiki juru kunci sing nyekel Pak Japan panggang pitek mau dibage-bageake sapa sing gelem mangan nganti entek lan ora tau didol. Amarga nalika Jaman Mbah Semplung kang panggang pitek sing didol iku mau panjenengane dielingake menawa tumindakae ora bener. cara ngelingake yaiku lumantar kewan sing diangon ana ing oro-oro ora kena apa-apa banjur mati dhewe. Banjur masyarakat njupuk dudutan menawa kedadeyan kasebut dadi piweling tumrap Mbah Semplung menawa panggang pitik sing diolehan saka tradhisi ngalap berkah iku ora oleh didol.

4.6.3 Tata Cara Ndonga

Faktor kang pungkasna saka Maran kasebut dadi jalanan amarga saiki anane kapitayan kang anyar yaiku jamane agama Islam. Dadi pambeda saka tata cara ndonga nalika nglaksanani tradhisi ngalap berkat iku amarga kapitayan kang dianut dening masyarakat Jawa jaman saiki lan jaman biyen iku beda. Nalika jaman biyen kapitayan kang dianut dening masyarakat isih percaya marang aliran *animisme* lan *dynamisme*. Kapitayan sing kaya mangkono iku kanggo ngumpulake kekuatan ghoib lan percaya menawa piranti iku uga nduweni roh-roh sing ndhuwuni nyawa nganti piranti kasebut diwedeni dening masyarakat.

Nanging ing jaman saiki kapitayan kasebut wis diselarasake dening agama Islam, amarga ing jaman saiki akeh masyarakat Jawa kang nganut agama Islam. Dadi kapitayan sing *animisme* lan *dynamisme* kasebut diselarasake kanthi selipan donga-donga Islam. Nalika jaman biyen tata cara ndonga ora ana kang maca kayata *Al Fatihah*, *yasin*, *tahlilan* lan sapanunggalane. Jaman saiki kanggo nyelarasake perkembangan jaman tata cara ndonga kanggo nyuwun donga pangestu marang Mbah Trunojoyo iku migunakake surat-surat kasebut nalika ndonga. Andharan ngenani owah-owahan tata cara ndonga kang diandharake ing ndhuwur disengkuyung dening andharan narasumber kang kapethik ana ing ngisor iki:

(15) "lak rumiyen mligi mbak, dados tiyang mriku ngumpul mbeta berkat ngoton. Sakniki

sampun dicampuri islam Mbak. Nalika njaluk kadhang ndongane ana al fatehahe, tahlilan, yasinan. Pokoke diselipi islam. Kalo dulu kan anggera njaluk. Jadi menyesuaikan jaman. Jamanya sudah Islam kok ya mengikuti cara Islam. Pokoknya kita menjadi orang jawa itu harus melanjutkan tradisi yang diwarisi oleh nenek moyang Mbak, jadi misal tradisi itu dilakoni spasar pisan ya kita tinggal mengikuti. Dan menyesuaikan dengan keadaan dijaman sekarang.

“menawa jaman biyen Mbak, dadi wong kene iku ngumpul nggawa berkat ngno. Saiki wis dicampuri Islam Mbak. Nalika njaluk kadhang ndongane ana Al Fatihane, tahlilan yasinan. pokoke diselipi Islam. menawa mbiyen anggera njaluk, dadi nyelarasake jaman. Jamane wis Islam ya melu cara Islam. Pokoke kita dadi wong Jawa iku kudu mbacutake tradisi sing diwarisi dening leluhur Mbah. Tuladhané nyelarasake kahanan ing jaman saiki” (Pak Prasetyo, Rabu 15 Januari 2020).

Saka andharan Pak Lurah ing ndhuwur nuduhake menawa ana pambda utawa owah-owahan saka tata cara ndonga. Nalika jaman biyen wong sing jaluk donga pangestu marang Mbah Trunojoyo nalika ndonga ya mung saisane ndonga ing jaman biyen. Nanging ing jaman saiki wis jamane wis kacampur dening Islam. Dadi wong sing arep njaluk donga pangestu marang Mbah Trunojoyo nalika ndonga wis diselipi dening surat-surat kayata Al Fatihah, tahlilan, yasinan. Senadyan diselipi karo surat-surat kasebut penting nduweni tujuwan sing padha kanggo nyelarasake jaman lan kudu mbacutake tradisi warisan saka leluhur.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Kabudayan kang isih dilaksanakake lan kagolong sajrone foklor setengah lisah salah sawijine yaiku tradisi ngalap berkah kng ana ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro. Tradisi iki tuwuhamarga rasa kapitayane masyarakat Jawa menawa Mbah Trunojoyo minangka leluhur desa sing nduweni kaluwhian. saka kaluwhian sing diduweni kasebut masyarakat percaya menawa panjenengane wis menehi pangestu apa sing dikarepake dening pawongan mesthi dikabulake dening gusti Allah.

Dudutan asil saka panliten iki yaiku tradisi ngalap berkah isih dilaksanakake nalika rame dina Jumat Paing. Tradisi ngalap berkah iki tuwuhamarga wujud

kapitayane masyarakat tumrap kaluwhian sing diduweni dening Mbah Trunojoyo. Tata laku tradisi iki kanthi runtut lan migunakake ubarampe kembang setaman, menyan, lan berkat. Simbol lan makna yaiku ana ing saperangan tata laku. Fungsi ii sajrone tradisi yaiku sistem proyeksi, pengesah budaya, sarana pendhidhikan lan piranti pengendali sosial, fungsi ekonomi, fungsi sodaqoh, lan fungsi nguri-nguri kabudayan. Owah-owahan tradisi ngalap berkah piranti ubarampe, berkatana, tata cara ndonga.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki ngandharake ngenani tradisi ngalap berkah ing pasareyan Mbah Trunojoyo ing Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro. Panliten kasebut mesthi akeh kurange, materi kang luwiher jero ngenani foklor setengah lisan durung bisa diandharake kanthi luwiher amba ing panliten iki. Mula saka iku kanggo ndandani supaya panliten iki bisa luwiher apik mbuthuhake saran lan dianakake panliten saemper ngenani babagan kasebut.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Azizah, Nurul. 2014. *Persepsi Masyarakat, Tata Cara, Dan Dampak Ritual Ngalap Berkah Pada Objek Wisata Gunung Kemukus Kabupaten Sragen*. Skripsi Thesis. Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, Dan Lain-Lain*. Jakarta: Grafiti
- Danesi, Marcel. 2012. *Pesan, Tanda dan Makna*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa: Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku
- Koentjaraningrat. 1984. *Kabudayan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 2000. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia dan Kebudayaan Dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Proboretno, Indah Umiyanti. 2017. *Ritual Ngalap Berkah Dalam Karya Tari Dewandaru*. Jurnal UNESA. Vol 7, No 1

Tradisi Ngalap Berkah ing Pasareyan Mbah Trunojoyo Desa Sendangharjo, Kecamatan Ngasem, Kabupaten Bojonegoro (Tintingan Foklor)

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.

Suwarni lan Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Tradisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.

Sugiyono. 2014. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta

_____. 2017. *Metode Pendidikan (pendekatan kuantitatif, kualitatif, R&D)*. Bandung: Alfabeta

Sukarmen. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.

